SOAL PENILAIAN HARIAN BASA JAWA
BAB WAWANCARA

Wacanen kang prematí wacan ing ngisor iki kanggo jawab soal nomer 1-4!

Andik : "Assalamualaikum"
Pak Danu : "Waalaikumsalam, mangga Nak, kene melbu kene."
Andik : "Inggih Pak , matur nuwun."
Pak Danu : "Njanur gunung dolan mrene, ana perlu apa kok sajak wigati banget."
Dewi : "Menika lho Pak, kula sakanca pengin ngertos usaha krupuk puli kagungan panjengangan."
Pak Danu : "Punika lo pak, kanca-kanca pengin ngertos usaha panjenengan."
Dewi :.....
Pak Danu : "Usaha krupuk iki sampun bediri ing taun 1998."

1. Teks ing dhuwur nggambarake kegiatan...
   A. Wawansabda
   B. Wawancara
   C. Dhialog
   D. Omong-omongan
2. Tema sing bener kanggo teks ing dhuwur yaiku...
   A. Usaha krupuk puli Pak Danu
   B. Krupuk puli Sumber Rezeki
   C. Home indhustri krupuk puli
   D. Usaha Pak Danu
3. Ukara kanggo nggenepi pacelathon ing dhuwur ukara sing bener yaiku...
   A. Ing ngendi cabang usaha panjengengan Pak?
   B. Mulai tahun pinten usahane panjenengan niki berdiri Pak?
   C. Apa kelebihane mbukak usaha krupuk puli Pak?
   D. Pak niki saged kulo tumbas tah krupuk puline?
4. Yen kepingin golek warta ngenani tatacara ngingu iwak, sing trep minangka narasumbere yaiku...
   A. Ahli pertanian
   B. Ahli perikanan
   C. Ahli mesin
   D. Ahli pendidikan

Wacanen kang prematí wacan ing ngisor iki kanggo jawab soal nomer 5-6!

Anik : "Kula nuwun."
Pak Karji : "Mangga nak, kene melbu kene.
Anik : "Inggih Pak, matur nuwun."
Pak Karji : "Ana perlu apa kok sajak penting banget"
Dewi : "Punika lho Pak, kula pingin ngertos bathik kagungan panjengan."
Pak Karji : "Apa bae sing pengin dimengerteni nak?"
Anik : .....
Pak Karji : "Usaha bathik iki dakjenengake "Sekar Jagad."

5. Kang dari narasumber saka wawancara ing dhuwur yaiku...
   A. Anik
   B. Dewi
   C. Pak Karji
   D. Aan

LIVEWORKSHEETS

6. Kanggo nggenapi pacelathon ing dhuwur ukara sing bener yaiku...
   A. Mulai tahun pinten usaha bathik panjenengan niki berdiri Pak?
   B. Puna naminipun usaha bathik panjengengen Pak?
   C. Sinten naminipun usaha bathik panjenengan Pak?
   D. Sapa jeneng sing duwe usaha bathik Pak?
7. Wong kang dadi punjering pitakonan sajrone wawancara diarani...
   A. Informasi
   B. Narasumber
   C. Pewawancara
   D. Reporter
8. Ing ngisor iki kang kalebu pitakonan penutup...
   A. "Nuwun sewu, Pak, Kula Gita putranipun Pak Jayadi, sekolah wonten SMP Ganesha."
   B. "Ngriki menika menapa leres RT 12 RW 03?"
   C. "Kula kinten cekap semanten rumiyyin. Bilih mangke wonten kirangipun kula sowan malih mboten menapa, Pak?"
   D. "Menawi administrasi nyuwun surat damel keperluan kados pundi?"
9. Ukara ing ngisor iki kang kalebu pambuka wawancara yaiku...
   A. Sampun dangu Ibu nyambut damel ing mriki?
   B. Sugeng enjing bu, kados pundi kabaripun?
   C. Menawi lepat kula nyuwun pangapunten.
   D. Matur nuwun bu, sedaya penjelesanipun.
10. Sadurunge nindakake wawancara, pitakon-pitakon ing wawancara iku becike...
   A. wis dicepakake, cocog karo tujuane
   B. apa jare anggota kelompok
   C. ngenteni nara sumbere teka
   D. ngenteni saka narasumber

Pewawancara : " Napa bae bahan sing diperlukake kangge nggawe tahu? "
Narasumber : " Kedelai, cuka (oleh saka endapan sari tahu), minyak goreng, lan solar (kanggo ngendalino mesin giling). "
Pewawancara : " Yaknapa carane ndamel tahu? "
Narasumber : " Tahap kesiji, kedelai direndem 5 jam. Tahap keloro, kedelai sing wes mari direndem di umbah sampek bersih. Tahap ketelu, kedelai mau digiling terus dijupuk ampase kari patie. Tahap kepapat, dikei cuka lan diaduk terus dijarno, cuka dijupuk maneh. Tahap terakhir, saripati dicetak lan langsung digoreng. "
Pewawancara : " Napa enten kerugian mbukak usaha pabrik tahu niki?
Narasumber : " Kadang lek bahane larang dodole dadi sepi hasile pasti titik. "
Pewawancara : " Pinten kira – kira kerugiane ibu? "
Narasumber : " Kira – kira Rp. 350.000. "
Pewawancara : " Napa bae susahe mbukak pabrik tahu? "
Narasumber : " Kadang lek saingane akeh tahune sepi. "

LIVEWORKSHEETS

11. Narasumber wawanrembung ing nduwur yaiku...

A. Bakol tahu
C. bakol sembako
B. Bakol telo
D. bakol dele

12. Carane gawe tahu tahap sing kapisan yaiku.....

A. Kedelai diumbah nganti resik
C. Kedelai direndem 5 jam
B. Kedelai digiling terus dijupuk ampase
D. Diwenehi cuka

13. Miturut wawanrembung ing dhuwur apa sing dadi kerugian usaha tahu iku....

A. Kadang lek bahane larang dodole dadi sepi hasile pasti titik.
B. Bahane gawe tahu angel
C. Tahune rasa kecut amarga kakean cuka
D. Rugine kadang sampek Rp 350.000

14. Ing ngisor iki tuladhane ukara tanggap

A. Kancaku maca buku nganggo kacamata.
B. Bukuku disilih Darwanto wis telung dina.
C. Bocah kae nyekel kucing dhewe ora ana kancane.
D. Ibu masak sayur lodheh senenganku.

15. ***Aku mangan duren loro*** dadekno ukoro tanggap...

A. Duren loro dipangan
C. Duren loro tak pangan
B. Duren loro panganen
D. Duren loro dadi panganan

16. Sepedaku disilih Daffa dadekno ukoro tanduk...

A. Daffa nyilih sepedaku
C. Daffa ngowo sepedaku
B. Daffa tuku sepedaku
D. Daffa ngumbah sepedaku

Wacanen kang premati wacan ing ngisor iki!

Susanti : "Nyuwun pangapunten Bu, punapa pareng kula nyuwun wekdalipun sekedhap kagem wawancara panjengangan?"

Bu Indri : "Iya ora apa-apa kok, Ibu malah bungah manawa bisa dadi narasumber."

17. Unggah-ungguh basa kang digunakake Susanti yaiku...

A. Ngoko lugu
C. Ngoko Alus
B. Krama Alus
D. Krama Lugu

18. Bukuku lagi dipriksani pak guru.

Ukara ing dhuwur kalebu ukara....

A. Tanggap
c. pitakon
B. Tanduk
d. pawarta

19. Wacanen kanthi setiti !

Wartawan : "Pak Abdul Ali, kena apa *website* ing kelurahan kok dicap mubadir?"

LIVEWORKSHEETS

Abdul Ali : "Wektu iku piratine isih winates lan sedherhana banget, tur tenaga sing ngoperasekake uga mung wong siji. Dadi pawarta-pawarta sing disuguhake wis kedaluwarsa, akhire dening masarakat dicap mubadir."

Miturut dhialog kasebut, *website* ing kelurahan dicap mubadir amarga ....

A. ora duwe piranti kang apik
B. ora duwe piranti lan tenaga
C. ora duwe tenaga ahli
D. piranti lan tenaga isih winates

20. "Ana perlu apa kok sajak wigati banget" Tembung wigati tegese ...

A. Temenan
B. Pengin
C. Gumun
D. Penting

Jika sudah selesai mengerjakan semua soal, jangan lupa ya untuk :

- **Klik ''finish''**
- **Ketik nama lengkap dikolom**
  " enter your full name''
- **Ketik nama kelas kalian di kolom**
  " group/level''
- **Ketik 'PH WAWANCARA " Pada kolom school subject**
- **Klik send**

LIVEWORKSHEETS